



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITE A SCHUMER, SENATÈ GILLIBRAND ANONSE ETA NEW YORK PRAL RESEVWA 100 MILYON DOLA NAN FINANMAN FEDERAL POU ELAJI ENFRASTIKTI WO DEBI AK FOUNI ENTÈNÈT KI GEN KALITE SIPERYÈ POU 100,000 FANMI AK KAY KI PA JWEN ASE SÈVIS ATARVÈ EMPIRE STATE LA

Finansman an soti nan Fon Pwojè Kapital 10 milya dola nan Plan Sekou Ameriken an pou pote Entènèt a gran vitès epi ki rapid ak abòdab pou kominote ki pa jwenn ase sèvis yo ak kominote riral ak iben yo ki manke sèvis enpòtan

Hochul, Schumer, Gillibrand: Plan Sekou Ameriken an bay gwo bourad pou entansifye efò pou fèmen divizyon dijital la nan Eta New York.

Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles E. Schumer, ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te anonse jodi a ke Eta New York pral resevwa 100 milyon dola nan finansman federal nan men Depatman Trezò (Department of Treasury) Ameriken an atravè Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) an pou elaji entènèt a gran vitès. Sa a se pi gwo investisman sible nan koneksyon lojman abòdab nan nasyon an. New York estime ke finansman sa a pral pèmèt yo konekte 100,000 kay ak fanmi ak entènèt a gran vitès epi ki abòdab atravè eta a.

"Aksè ak wo debi ki abòdab, ak fyab esansyèl pou konekte Nouyòkè yo ak travay, edikasyon, ak sèvis gouvènman an, men yo toujou rete lwen twòp fanmi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman enpòtan sa a pou debloke entènèt a gran vitès pou plizyè milye lokatè New York pral bati sou siksè inisyativ wo debi ConnectALL nou an pandan y ap sipòte objektif plan senkan nou an pou konstwi ak prezève lojman ki pi abòdab. Gras administrasyon Biden lan ak delegasyon Sena ak Kongrè New York yo, New York pral kontinye dirije nasyon an nan konble divizyon dijital la epi rann wo debi disponib pou tout moun."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "100 Milyon dola nan finansman federal ke mwen te garanti nan Plan Sekou Ameriken an sou wout li kounye a pou ranfòse bon jan kalite aksè ak entènèt pou plis pase 100,000 fanmi ak kay atravè New York. Byen lontan anvan pandemi an, kominote atravè pati Nò Eta New York yo, soti nan kominote riral yo rive nan katye vil ki trè aktif yo, yo te gen difikilte pou jwenn sèvis entènèt a gran vitès ki abòdab. Dola federal sa yo prale dirèkteman nan fèmen divizyon

dijital la, ki vle di konekte kominote yo ak travay ki byen peye, pi bon swen sante, ak pi bon kalite edikasyon nan lekòl nou yo. Mwen fyè pou m fè gwo investisman 100 milyon dola sa a pou bay plis aksè ekitab ak wo debi atravè eta a epi ede Nouyòkè yo pwospere nan ekonomi dijital jodi a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen fyè pou m anonse 100 milyon dola nan finansman federal ke yo pral itilize pou founi entènèt a gran vitès bay dè epi dè milye fanmi atravè Eta New York. Pandan pandemi an, nou te wè jan bon kalite wo dwbi enpòtan anpil pou biznis, swen sante, lekòl yo, ak plis ankò. Se poutèt sa, lè nou te ekri Plan Sekou Ameriken an, nou te enkli finansman solid pou livrezon wo debi, ki ka kreye nouvo opòtinite ekonomik, ogmante valè pwopriyete yo ak amelyore rezilta lavi ak sante moun yo. Mwen kontan travay ak Mezon Blanch lan, Lidè Schumer ak Gouvènè Hochul pou fè pwojè sa a avanse."

Nouvo investisman federal la soti nan 10 milya dola nan Fon Pwojè Kapital (Capital Projects Fund, CPF) Plan Sekou Ameriken an, yon pwogram ki fèt pou adrese defi pandemi COVID-19 la vin pi agrave, patikilyèman nan zòn riral Etazini yo, nan kominote tribi yo, ak nan kominote revni ki gen revni fèb ak modere yo. Yon priyorite kle nan CPF a se fè finansman disponib pou ede asire ke tout kominote yo gen aksè ak bon jan kalite enfrastrikti modèn, ki gen ladan wo debi a gran vitès ki fyab, abòdab ki nesèsè pou jwenn aksè ak sèvis enpòtan yo. Pwogram Koneksyon Lojman Abòdab New York la se yon pwogram sibvansyon konpetitif ki fèt pou finanse enfrastrikti a gran vitès, ki fyab nan ak anndan bilding nan lojman ki gen revni fèb yo. Finansman CPF yo pral itilize pou amelyore aksè ak entènèt nan inite lojman abòdab yo. Plan ki soumèt bay Trezò a epi ke yo apwouve jodi a reprezante 29 pousan alokasyon total eta a nan kad pwogram Fon Pwojè Kapital la. New York te soumèt plan pou rès Fon Pwojè Kapital yo epi Trezò a ap revize aplikasyon sa yo kounye a.

Investisman jodi a nan tèt finansman federal istorik la tou ki garanti nan Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law) la ki enkli yon rekò 65 milya dola pou ekspansyon entènèt a gran vitès pou konekte moun ki pa jwenn ase sèvis yo, rann entènèt abòdab, epi bay resous pou alfabetizasyon dijital. Ansanm, Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ak Plan Sekou Ameriken an ap travay ansanm pou fèmen divizyon dijital la - sa k ap bay aksè ak entènèt a gran vitès nan kominote ki pa jwenn ase sèvis yo epi redwi depans pou moun ki pa gen mwayen.

Finansman sa a baze sou investisman federal istorik yo. New York, nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, te dirije nasyon an nan fèmen divizyon dijital la. Ane pase, New York te enskri yon milyon kay ki elijib nan [Pwogram Koneksyon Abòdab](#) (Affordable Connectivity Program, ACP) federal la, yon sibvansyon nan tout peyi a pou elaji aksè pou fanmi ki gen revni ba yo. Pwogram federal la, ki finanse pa Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, ofri rabè jiska 30 dola pa mwa nan sèvis entènèt pou fanmi ki elijib ki gen revni ba yo.

An patenarya ak finansman wo debi federal istorik la, inisyativ ConnectALL 1.2 milya dola Gouvènè Hochul la te fè gwo investisman nan katografi ak koleksyon done;

pwogram sibvansyon pou sipòte enfrastrikti minisipal akse lib, pwojè wo debo nan zòn riral yo, ak pilòt pou bay sèvis ki inovan; amelyorasyon wo debi nan lojman abòdab; refòm pou rasyonnalize deplwaman epi retire obstak regilasyon; ak devlopman yon Plan Ekite Dijital nan tout Eta a ak Pwogram Sibvansyon Ekite Dijital. Kongrè a te adopte Lwa Wo Debi DATA pou montre pi byen kote Nouyòkè yo te manke entènèt. Ane pase a, biwo ConnectALL la te konplete done wo debi federal FCC yo lè li te bay plis pase 31,000 adrès pou ede pi byen abòde bezwen kominote New York ki pa jwenn sèvis yo oswa ki pa jwenn ase sèvis wo debi yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Genyen wo debi ki aksesib ak abòdab esansyèl nan ekonomi nou an ak nan kalite lavi nou. Finansman federal sa a se yon eleman enpòtan nan pwogram ConnectALL nou an epi li pral konekte tout Nouyòkè yo, espesyalman nan kominote ke yo te istorikman kite dèyè yo."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Entènèt fib ultra-rapid, yon bagay ke pifò nan nou pa konn valè yo, te sote twòp Nouyòkè, sa ki kite yon vid dijital ke inisyativ ConnectALL Gouvènè a pral ede konble. Sibvansyon federal 100 milyon dola jenere sa a pral akselere koneksyon literal yo nan 100,000 apatman, pou bay lokatè yo yon bon jan kalite entènèt rapid, ki mwen chè. Kèlkeswa si yon bilding deja gen kab wo debi, mwen ankouraje tout pwopriyetè lojman abòdab ki panse ke yo ka elijib pou tcheke sitwèb nou an pou wè si yo ka resevwa enstalasyon fib nan inite yo gratis, ak koutwazi founisè entènèt ki kalifye ki egzamine."

Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing, NYSAFAH), te deklare, "Endistri lojman abòdab la depi lontan rekonèt li ka jwe yon wòl kle nan fèmen divizyon dijital la, epi finansman sa a pral ede nou reyalize objektif sa a. Pote wo debi bay rezidan ki pa jwenn ase sèvis ki se lokatè bilding manm nou yo atravè eta a se te yon konsantrasyon enpòtan pou NYSAFAH. Nou akeyi anons resous enpòtan sa yo epi Nou pa ka tann pou nou asire yo investi nan yo bay pi gwo kantite Nouyòkè ki bezwen yo koneksyon."

###